

## Chapit 2: Estanda Minimòm pou Swen Sante

### § 2-01 Apèl pou Sèvis.

Yo dwe bay moun ki plase an detansyon sou pwoteksyon Depatman Koreksyon (Department of Correction) nan vil New York yo sèvis evalyasyon, dyagnostik ak tretman maladi mantal. Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis (Department of Mental Health, Mental Retardation and Alcoholism Services), Depatman Sante (Department of Health) vil New York oubyen yon founisè sèvis sou kontra \* ak Depatman Koreksyon dwe kreye epi enplemente yon pwogram sante mantal pou ofri:

- (a) entèvansyon nan ka kriz ak jesyon epizòd sikuatrik egi;
- (b) prevansyon suisid;
- (c) Estabilizasyon maladi mantal la ak diminisyon deteryorasyon sikolojik nan prizon; ak
- (d) sèvis terapi elektif ak tretman preventif lè resous yo pèmèt sa.

### § 2-02 Idantifikasiyon ak Deteksyon.

(a) *Règleman.* Yo dwe elabore epi enplemente pwosedi pou ankouraje idantifikasiyon rapid prizonye ki bezwen yon evalyasyon sante mantal.

(b) *Resewwa evalyasyon.*

(1) Yo dwe fè evalyasyon pou twoub mantal ak emosyonèl sou tout prizonye avan yo fè yo retounen nan popilasyon jeneral la. Yo dwe fè premye evalyasyon sa a vennkatrè aprè prizonye an rive nan etablisman koreksyonèl la.

(2) Pèsonèl sèvis sante mantal la oubyen yon pèsonèl medikal ki byen fòme dwe fè evalyasyon an. Yo kab antre evalyasyon sa a nan pwosedi admisyon medikal la.

(3) Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis, Depatman Sante dwe elabore pwosedi ekri ki bay kilès pou yo egzamine lè y ap fè evalyasyon an. San egzamen an pa limite ak sa yo sèlman, li dwe gen: antesedan sikuatrik, ni ospitalizasyon newosikuatrik, kontak ak pwofesyonèl nan sante mantal, konpòtman suisidè epi vyolan, antesedan oubyen prezans foli oubyen alisinasyon, ak yon evalyasyon ki chita sou obsèvasyon imè nan konpòtman, mank lisidite, siy reta mantal grav ak gwo plent.

(4) Pwofesyonèl k ap fè seleksyon pou evalyasyon an dwe ekri konklizyon yo a nan yon fòm ekri estanda pou priz an chaj sante mantal. Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis, Depatman Sante dwe elabore I epi y ap itilize I nan tout sant yo.

(5) Deteksyon an dwe gen deskripsiyon sèvis sante mantal ki disponib yo ak pwosedi pou w gen aksè ak sèvis sa yo ladan:

(i) prizonye yo dwe resevwa yon komunikasyon ekri ki ann anglè ak panyòl ki dekri sèvis sante mantal ki disponib yo, konfidansyalite sèvis sa yo ak pwosedi pou w gen aksè ak yo;

(ii) Depatman Koreksyon dwe pran dispozisyon pou I asire I yo esplike prizonye analfabèt yo pwosedi pou w gen aksè ak sèvis sante mantal yo vèbalman, epi prizonye lang matènèl yo pa anglè oubyen panyòl yo benefisyè aksè rapid ak sèvis tradiksyon pou esplikasyon pwosedi sa yo.

(c) Fòmasyon manm pèsonèl la.

(1) Tout ajan koreksyon ak pèsonèl sèvis medikal yo dwe resevwa fòmasyon pèmanan nan kad pwogram Depatman Sèvis Koreksyon, Sante ak Sante Mantal, Reta Mantal ak Alokolis apwouve konsènan evalyasyon twoub mantal ak emosyonèl. San fòmasyon sa a pa limite ak sa yo sèlman, li dwe gen domèn sa yo:

(i) Deteksyon siy ak sentom twoub mantal ak emosyonèl yo rankontre pi souvan kay prizonye;

(ii) Deteksyon siy depandans chimik ak sentom retrè sou dwòg ak alkòl;

(iii) evalyasyon efè endezirab medikaman sikotwòp yo;

(iv) evalyasyon siy defisyans entèlektyèl, sitou reta mantal;

(v) tip ijans sante mantal lè genyen ak fason pou w apwoche yon prizonye pou yon entèvansyon nan kriz sa yo;

(vi) idantifikasiyon ak rekòmandasyon pwoblèm medikal prizonye yo nan sante mantal;

(vii) prevansyon suisid; ak

(viii) mwayen apwopriye pou oryante prizonye yo nan sèvis sante mantal tousuit pou yon evalyasyon pi pouse, ak pwosedi ki detèmine rekòmandasyon sa yo.

(2) Pou pi piti, dwe gen yon ajan ki fòme pou bay premye swen nan chak zòn lojman, ni sèvis reyanimasyon kadyovaskilè pou sove lavi, pa pi ta pase nèf (9) mwa apati dat nòm sa yo antre an fonksyon.

(3) Pèsonèl sèvis sante mantal la dwe resevwa yon oryantasyon klè ansanm ak fòmasyon pèmanan ki adapte ak aktivite yo:

(i) Depatman Sante dwe elabore yon plan ekri Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis apwouye pou oryantasyon, ak pou fòmasyon pèmanan tout pèsonèl sèvis sante mantal yo;

(ii) Fòmasyon pèmanan an dwe gen sipèvizon endividyle regilyè pa pi piti pase in è d tan pa semèn e yon fòmasyon pèmanan pa pi piti pase in è d tan pa semèn ki dwe repati pwopòsyonèlman pou pèsonèl a tan pasyèl.

(d) Asistan obsèvasyon yo.

(1) Dwe gen yon pwogram asistan obsèvasyon òganize ki fòme pou siveye prizonye yo idantifye kòm sa ki gen risk suisid potansyèl yo, epi pou yo rekònèt siy konpòtman suisidè kay prizonye yo po t ko idantifye. Yo kab anplwaye prizonye yo, ni sa ki abite nan zòn obsèvasyon mantal yo, kòm asistan obsèvasyon e yo dwe peye yo pou sèvis yo.

(2) Depatman Koreksyon ak Sante Mantal dwe elabore pwosedi ekri Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe apwouye ki defini kritè pou chwazi asistan obsèvasyon yo, fòmasyon yo dwe resevwa, pwosedi pou yo suiv ak kritè pou evalye pèfòmans yo epi pou mete fen ak anplwa yo tou lè sa nesesè:

(i) Depatman Koreksyon dwe konsilte Depatman Sante nan elaborasyon pwogram asistan obsèvasyon an pou kapab gen kòdinasyon efò ant toude òganis yo.

(ii) yo dwe fòme asistan obsèvasyon yo pou yo enfòme sèvis koreksyon oubyen pèsonèl sèvis sante mantal yo rapid lè yo kwè yon prizonye prezante risk suisid, montre danje suisid imeda oubyen lè li gen yon konpòtman dwòl. Yo dwe anrejistre enfòmasyon sa a yon fason ki sistematik.

(3) Asistan obsèvasyon yo dwe opere nan tout etablisman koreksyonèl nan zòn lojman sa yo: obsèvasyon mantal, pinisyon izòlman, izòlman administratif ak nouvo admisyon. Yo dwe anplwaye yo nan lòt domèn si gen bezwen pou sa.

## § 2-03 Dyagnostik ak Rekòmandasyon.

(a) *Règleman*. Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis, Depatman Koreksyon ak Sante a dwe elabore pwosedi pou pèmèt evalyasyon rapid ak rekòmandasyon apwopriye prizonye konpòtman yo montre y ap soufri twoub mantal oubyen emosyonèl, ansanm ak evalyasyon ak tretman imeda sa yo ki bezwen swen sikuatrik ijan.

(b) Aksè.

(1) Dwe gen aksè pou sèvis sante mantal san pa gen ijans. Prizonye yo kab rekòmande tèt yo pou yon premye evalyasyon e yo dwe fè yon manm pèsonèl sèvis sante mantal wè yo kou sa posib men pou pi ta twa jou ki gen travay aprè yo resevwa rekòmandasyon pèsonèl sèvis sante mantal la. Depatman Koreksyonèl an dwe asire l pèsonèl sèvis sante mantal la resevwa avi pou demann nan vennkatrè.

(2) Prizonye yo dwe gen aksè ak pèsonèl sèvis sante mantal la pou swen sikuatrik ijan ak jesyon epizòd sikuatrik egi vennkat sou vennkat (24/24).

(i) Yo dwe rekòmande tout prizonye ki deklare yo sibi agresyon seksyèl bay evalyasyon ijan;

(ii) Yo dwe loje prizonye k ap tann evalyasyon ijan yo nan yon zòn ki fèt pou sa espesyalman, yon zòn pèsonèl yo siveye de prè epi ki gen yon nivo sekirite ki kont pou pwoteje prizonye yo ak pèsonèl la;

(iii) Depatman Koreksyon ak Sante yo dwe elabore yon fòm ekri pou rekòmansyon evalyasyon ijan.

(3) Pèsonèl koreksyon an ak pèsonèl sèvis medikal la dwe rekòmande prizonye popilasyon jeneral la ki montre siy twoub mantal ak emosyonèl yo bay sèvis sante mantal yo. Depatman Sante ak Koreksyon yo dwe elabore yon pwosedi estanda ekri ki dekri konpòtman rekòmandasyon an chita sou li a.

(4) Depatman Koreksyonèl dwe bay yon kantite ajan eskòt ki kont pou asire prestasyon sèvis yo yon fason pou pèmèt pèsonèl sèvis sante mantal la efikas nan nivo maksimòm. Depatman Koreksyonèl an dwe elabore epi enplemante pwosedi ki prevwa yo eskòte prizonye yo rekòmande pou evalyasyon oubyen pou suivi yo bay pèsonèl sèvis sante mantal la oubyen pou priz an chaj, menm jou a. Nan tout ka kote prizonye a toujou an detansyon, yo dwe prezante l bay pèsonèl sèvis sante mantal la nan vennkatr è.

## **§ 2-04 Tretman.**

(a) *Règleman.* Yo dwe bay prizonye yo swen sante mantal adekwa nan yon anviwònman ki fasilité swen ak tretman, ki pèmèt yon obsèvasyon maksimòm, ki redui risk epi ki diminye estrès. Si prizonye sèvis sante mantal la pran an chaj yo kalifye epi elijib sou tout pwen, yo dwe jwi menm dwa ak privilèj ak lòt prizonye yo.

(b) *Kritè adekwasyon.*

(1) Depatman Sante dwe elabore kritè ekri, ekipman ak materyèl Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis apwouve ki nesesè pou bay swen sante mantal adekwa, an konfòmite ak nòm pwofesyonèl aktyèl yo.

(2) Depatman Sante ak Koreksyon dwe elabore kritè ekri Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe apwouve ki defini espas ki nesesè pou bay prizonye yo lojman ak tretman apwopriye ak swen sèvis sante mantal, an konfòmite ak nòm pwofesyonèl aktyèl yo.

(3) Yo dwe soumèt kritè ekri yo bay Komisyon Koreksyon pou publikasyon kòm amannman a nòm sa yo, pa pi ta pase katrevendis (90) apati dat nòm aktyèl yo antre an fonksyon.

(c) *Pwogram.*

(1) Yo dwe prevwa lojman espesyal pou prizonye ki bezwen siveyans de prè akoz twoub mantal oubyen emosyonèl, ak pou prizonye k ap pase evalyasyon pou twoub sa yo:

(i) Dwe gen asistan obsèvasyon nan zòn abitasyon espesyal yo vennkat sou vennkat (24/24);

(ii) Yo dwe bay ajan koreksyon ki resevwa trannsenk (35) è fòmasyon espesyalize omwen pandan premye ane tach espesyal yo a pòs pèmanan nan zòn sa yo. Ajan sa yo dwe resevwa yon fòmasyon pi wo nivo chak ane. Depatman Sante ak Koreksyon dwe elabore yon pwogram ekri Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe apwouve ki presize eleman ak orè pwogram fòmasyon an;

(iii) pèsonèl sèvis sante mantal la dwe wè epi entèwoje prizonye ki plase nan zòn lojman espesyal yo omwen yon (1) fwa pa semèn.

(iv) yon manm endividyièl pèsonèl sèvis sante mantal la dwe responsab sèvis sante mantal yo dirèkteman nan chak zòn lojman espesyal;

(v) Depatman Koreksyon dwe prevwa pou mete dòtwa kòm lojman espesyal pou obsèvasyon prizonye ki se potansyèl suisidè.

(2) Depatman Koreksyon ak Sante dwe elabore kritè ak pwosedi ekri espesifik pou admision nan zòn lojman espesyal yo pou obsèvasyon mantal ak pou soti ladan:

(i) sèvis sante mantal la ap gen dwa pou admèt epi pou libere prizonye nan zòn lojman espesyal yo pou obsèvasyon mantal;

(ii) sèvis sante mantal la dwe egzamine plasman yon prizonye nan lojman espesyal omwen yon (1) fwa pa semèn.

(3) Yo dwe elabore yon plan tretman endividyièl ekri ki baze sou evalyasyon ekip tretman an pou chak prizonye ki plase nan lojman espesyal pou obsèvasyon mantal ak pou tout prizonye yo preskri tretman pou twoub mantal ak emosyonèl:

(i) dwe gen yon sikyat nan ekip tretman an pou egzamine pèsonèlman chak prizonye ekip tretman an evalye;

(ii) manm ekip tretman sa yo k ap bay yon prizonye swen dwe prepare yon plan tretman. Sikyat la dwe siyen I;

(iii) Chèf sèvis la oubyen reprezantan I dwe apwouve tout plan tretman yo;

(iv) depatman Sante dwe elabore kritè ekri Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe apwouve ki defini nati ak espesifisite plan tretman an.

(v) Dwe gen prèv dokimante sou planifikasyon premye tretman an twa (3) jou aprè yo plase prizonye a nan lojman espesyal, e yo dwe prepare yon plan tretman yon (1) semèn aprè plasman an pou pi ta.

(vi) Pwofesyonèl ki fè pati pèsonèl sèvis sante mantal la dwe egzamine epi evalye efikasite plan tretman yo omwen chak de (2) semèn. Yo dwe anrejistre ni egzamen ni pwogrè prizonye a nan dosye medikal;

(vii) Apa bay medikaman, yo dwe met yon gam modalite tretman an disponiblite.

(4) Dwe gen enstalsyon apwopriye pou obsèvasyon, evalyasyon ak tretman epizòd sikiatrik egi yo.

(5) Lè se nesesè, yo dwe transfere yon prizonye nan yon lopital penitansyè an konfòmite ak paragrap 402 ak 508 Lwa Koreksyon Eta New York la.

(6) Yo dwe evalye prizonye yo idantifye kòm sa ki gen yon defisyans entèlektyèl nan yon delè swasanndouzè epi pèsonèl sèvis sante mantal la dwe fè Depatman Koreksyon an rekòmandasyon pou I

konnen si yon defisyans kon sa egzije pou yo plase prizonye a nan lojman espesyal oubyen, nan ka kontré, si se pou yo separe l ak lót prizonye nan popilasyon jeneral la.

(i) yo dwe loje prizonye ki soufri defisyans entèlektyèl yo nan espas ki kont pou asire sekirite yo;

(ii) si sèvis sante mantal yo detèmine defisyans mantal prizonye a rann li klinikman pa akseptab pou yo loje l nan yon etablisman koreksyonèl, Depatman Koreksyon dwe avize tribunal la tousuit epi yo dwe depoze yon avi ekri nan dokiman jidisyè prizonye a.

(7) Depatman Sante ak Koreksyon dwe sèvi ak mekanis Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis apwouve pou l idantifye prizonye k ap soufri ak toksikomani oubyen ak alkolis. Y ap rekòmande prizonye yo idantifye ki kon sa yo bay pwogram disponib Depatman Sante ak Koreksyon apwouve. Dezentoksifikasyon an dwe fèt yon kote ki apwopriye parapò ak nivo swen sa a mande a.

(d) *konsantman eklere*. Sof endikasyon ki kontré ak sa ki di la a, yo pa gen dwa bay yon prizonye yon tretman sante mantal san konsantman eklere l aprè yo enfòme l sou risk ak avantaj tretman yo pwopoze l la, an konfòmite ak bon pratik klinik. Depatman Sèvis Sante ak Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe elabore pwosedi pou enplemane ribrik sa a k ap sèvi ak yon fòm ekri pou dokimante konsantman eklere prizonye a.

(e) *Dwa pou refize tretman*. Vil la pa kab egzije yo bay yon prizonye tretman san konsantman l, sof si moun sa a prezante yon risk frakti fizik grav ki klè e ki reyèl pou têt pa l ak pou lót moun, akoz yon defisyans mantal oubyen yon maladi mantal. Se lè sa a sèlman yo kab egzamine, trete oubyen bay yon prizonye medikaman kont volonte l, sou rezèv kondisyon sa yo:

(1) doktè ki an sèvis la dwe sèvi ak mezi ki apwopriye ak sitiyasyon ijans lan sèlman, selon pi bon jijman pwofesyonèl li;

(2) Yo dwe sèvi ak mezi sa yo avèk yon òdonans medikal ekri;

(3) yo kab sèvi ak mezi sa yo sèlman si doktè ki responsab la esplike dire peryòd obsèvasyon an, eta prizonye a, menas prizonye a reprezante a, ak rezon espesifik pou entèvansyon espesifik ki pwopoze a yon fason adekwa nan dosye prizonye a;

(4) okenn òdonans pou trete yon prizonye kont volonte l p ap valab pou plis pase vennkatr è san yo pa kontwole l, renouvre l epi san yo pa ekri yon nòt apwopriye nan dosye medikal prizonye a;

(5) Depatman Koreksyon ak Sante yo dwe elabore pwosedi Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe apwouve pou kreyasyon sibdivizyon sa a ni pou itilizasyon yon fòm ekri pou dokimante refi yon prizonye pou l aksepte yon egzamen patikilye, pwosedi oubyen medikaman.

## § 2-05 Medikaman.

(a) *Règleman*. Yo pa dwe sèvi ak medikaman yo kòm metòd pou redui mouvman prizonye a oubyen pou kontwole l, men sèlman kòm yon fasèt yon plan tretman (jan yo defini sa a nan 40 RCNY § 2-04(c)(3)).

(b) *Pwosedì*.

(1) Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis, Depatman Sante dwe elabore epi enplemane pwosedi ki detèmine preskripsyon, livrezon, administrasyon ak kontwòl medikaman yo:

(i) sèl yon sikiyat kab preskri medikaman pou twoub mantal ak emosyonèl, sof nan ka ijans lè yon doktè ki pa sikiyat kapab preskri medikaman pou twoub mantal ak emosyonèl. Yon sikiyat dwe egzamine yon òdonans kon sa nan vennkatr è.

(ii) sof nan ka ijans, yo pa kab preskri yon prizonye medikaman pou twoub mantal ak emosyonèl sof si prizonye sa a te sibi yon egzamen fizik ki gen yon antesedan klinik detaye sis mwa avan; nan tout ka yo, doktè ki fè l preskripsyon an dwe egzamine dosye medikal la dabò ak tout lót medikaman prizonye a resevwa;

(iii) sèl pèsonèl medikal oubyen pèsonèl sèvis sante ki byen fòme kab bay medikaman.

(2) Yo dwe bay medikaman sikotwòp yo sèlman lè sa endike klinikman an konfòmite ak plan tretman an:

(i) tout òdonans pou medikaman sikotwòp dwe gen yon òdonans arè; okenn òdonans medikaman sikotwòp p ap valab pou plis pase de (2) semèn;

(ii) sikiyat ki preskri yon prizonye medikaman sikotwòp dwe wè prizonye a epi evalye l, oubyen, nan ka ijans, si se yon doktè ki pa sikiyat ki preskri medikaman an daprè 40 RCNY § 2-05(b)(1)(i), li dwe fè sa omwen yon (1) fwa pa semèn jiskaske li stabilize, epi aprè sa se ap pèsonèl medikal la k ap fè l omwen chak de (2) semèn;

(iii) Yo dwe enfòme prizonye fi yo preskri medikaman sikotwòp yo sou risk ki genyen lè w pran

medikaman sa yo pandan w ansent e yo dwe ba yo posiblite pou fè tès gwo sès.

(c) *Famasi.*

(1) Lè yo konsève estòk medikaman yo nan yon etablisman koreksyonèl, òganis ki bay sèvis medikal yo dwe elabore epi sèvi ak yon fòm pou medikaman ki estòke nan etablisman sa a.

(2) Depatman Sante ak Koreksyon yo dwe elabore epi enplemante yon politik ekri ki prevwa sekirite maksimòm estòk yo ak yon envantè sou tout sibstans reglemante, piki, egui ak enstriman chirijikal chak semèn:

(i) Yo defini "sibstans kontwole" menm jan Administrasyon Lit Antidwòg (Drug Enforcement Administration) Depatman Jistis Etazini an liste sa a;

(ii) Yo dwe bay tout pèsonèl ki gen yon aksè posib ak sibstans kontwole yo oubyen ak atik sou estokaj sekirize yo yon avi ekri sou politik sa a.

(d) *Rechèch.* Li entèdi pou yo enplike yon prizonye ki an detansyon nan Depatman Koreksyon vil New York nan rechèch byomedikal oubyen konpòtmantal, sof si sa a reponn ak egzijans pou apwouve rechèch ki soumèt ak règleman Depatman Sèvis Sante ak Sosyal, amplis, li jwenn konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis.

## § 2-06 Restriksyon ak Izòlman.

(a) *Règleman.* Depatman Koreksyon ak Sante yo dwe elabore epi enplemante pwosedi ki sibi egzamen Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis ki detèmine kontrent fizik ak izòlman prizonye yo siveye yo oubyen yo trete pou twoub mantal ak emosyonèl. An konfòmite ak lwa Eta New York sou ijjèn mantal, yo pa dwe sèvi ak restriksyon ansanm ak izòlman kòm sanksyon, pou avantaj pèsonèl la oubyen pou ranplase pwogram tretman yo.

(b) *Definisyon.*

**Kontrent fizik.** "Kontrent fizik" se sèvi esprè ak yon enstriman pou anpeche bra ak / oubyen pye prizonye a lib, oubyen immobilize prizonye a nèt, e li pa kab retire l san èd:

(i) depatman Sèvis Sante ak Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe elabore pwosedi ki defini fòm otorize kontrent fizik yo;

(ii) yo pa dwe sèvi ak minòt metal pou arete yon prizonye nan okenn ka; men, entèdiksyon sa a pa dwe anpeche yo enplemante mezi sekirite apwopriye lè y ap deplase ak prizonye yo;

(iii) nan ka ijans, lè yon prizonye prezante yon danje klè e imeda pou tèt pa l ak pou lòt moun, yo kapab arete prizonye a, ni pa mwayen minòt metalik, ann atandan sikyat la rive. Pèsonèl koreksyon an dwe enfòme pèsonèl sante mantal la tousuit pou yon repons. Sikyat la dwe reponn tousuit, men se pa dwe plis passe in è aprè kominiye a nan okenn ka. Lè pa gen sikyat k ap travay nan etablisman an, pèsonèl koreksyon an dwe mennen prizonye a nan yon etablisman ki gen sikyat tousuit.

**Izòlman.** "Izòlman" se plase prizonye yo nan selil yo, oubyen nan yon chanm izòlman kote yo pa kab soti lè yo vle ladan, pandan yon peryòd libète pwovizwa kote lòt prizonye nan lojman an gen libète pou kite selil yo pwovizwaman si yo swete sa:

(i) yo dwe sèvi ak izòlman sèlman si selil oubyen chanm izòlman ki disponib yo pèmèt pèsonèl la obsève prizonye a yon fason adekwa;

(ii) anyen nan Atik sa a pa anpeche Depatman Koreksyon an limite dwa libète pwovizwa prizonye yo pou rezon disiplin (pinisyon izòlman).

(c) *Pwosedi.*

(1) Yo dwe otorize itilizasyon kontrent fizik oubyen izòlman prizonye yo obsève oubyen yo trete pou twoub mantal oubyen emosyonèl sèlman lè gen ase sikyat an sèvis.

(2) Yo dwe sèvi ak kontrent fizik oubyen izòlman sof sou òdonans ekri yon sikyat ki bay rezon ki fè yo pran mezi sa yo.

(3) Yo dwe sèvi ak kontrent fizik oubyen izòlman sèlman lè sikyat la egzamine prizonye a epi, selon tout done ki disponib sou sante mantal, li detèmine:

(i) prizonye a montre yon risk frakti imeda pou tèt pa l oubyen pou lòt moun;

(ii) risk vyolans sa a se rezulta yon twoub sante mantal. Prizonye ap resevwa sou tretman pou twoub sa a;

(iii) mezi sa yo vrèman nesesè pou evite danje a e l ap benefik pou trete maladi a; epi

(iii) tout lòt altènatif ki disponib yo pa efikas pou evite frakti.

(4) Yo dwe kenbe yon prizonye yo met sou restriksyon oubyen ann izòlman anba obèvasyon san relach epi pèsonèl enfimye oubyen sante mantal la dwe evalye nesesite pou kenbe mezi pou restriksyon pèmanan yo:

- (i) yo dwe evalye itilizasyon kontrent yo chak kenz (15) minit epi yo dwe reyegzamine izòlman an chak trant (30) minit;
  - (ii) yo dwe note konklizon ekri egzamen sa yo nan dosye medikal prizonye a;
  - (iii) yo dwe anrejistre siy vital yo (tanperati, batman kè, tansyon ak respirasyon) chak in è d tan.
- (5) Yo dwe libere yon prizonye yo kenbe sou restriksyon oubyen ann izòlman chak dez è d tan epi yo dwe ba l' posiblite pou l' al nan twalèt.
- (6) Yon sikiyat dwe evalye yon prizonye ki sou restriksyon oubyen ann izòlman omwen yon (1) fwa chak dez è d tan pou detèmine si li jistifye pou yo kenbe mezi pou restriksyon an.
- (7) Okenn òdonans pou met yon prizonye sou restriksyon oubyen ann izòlman p ap valab si l' depase dez è d tan e, yon sikiyat ap kab renouvel yon òdonans kon sa yon (1) sèl fwa, aprè evalyasyon eta prizonye a.
- (8) Aprè katr è d tan, si yon prizonye twò ajite pou yo libere l, y ap transfere l nan yon lopital penitansyè.

## **§ 2-07 Konfidansyalite.**

(a) *Règleman.* Ak konsantman Depatman Sèvis Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis, prensip konfidansyalite sou enfòmasyon yo resevwa nan domèn lasante dwe elabore epi enplemante yon politik ekri pou detèmine pwopagasyon enfòmasyon.

(b) *Pataj enfòmasyon.*

- (1) Sèvis sante mantal yo dwe enfòme pèsònèl koreksyon an rapid lè yo idantifye yon prizonye kòm:
  - (i) suisidè;
  - (ii) omisid;
  - (iii) li montre yon danje klè oubyen risk frakti pou tèt pa l' oubyen pou lòt moun;
  - (vi) li prezante yon risk klè epi imeda pou l' sove oubyen pou l' kraze prizon an;
  - (v) li resevwa medikaman sikotwòp; oubyen
  - (vi) li bezwen transfè pou rezon sante mantal.

(2) Depatman Koreksyon ak Sante yo dwe elabore epi enplemante yon pwosedi ekri klè ki presize ki pèsònèl koreksyon pou yo avize, jan sa a dekri nan 40 RCNY § 2-07(b)(1) pi wo a, ansam ak metòd pou avi a.

(c) *Dosye.*

(1) Yo dwe separe dosye sante mantal yo ak dosye detansyon yo epi konsève yo nan yon dosye sekirize. Yo dwe endike chak gwo kontak ak prizonye a ak yon nòt pwogrè sibtansyèl nan dosye a.

(2) Lè yo transfere yon prizonye nan yon lòt etablisman nan Depatman Koreksyon vil New York la, yo dwe transfere l ak dosye sante mantal li yo. Yo dwe voye prizonye yo transfere nan yon lopital penitansyè minisipal ak yon rezime pwosè vèbal yo. Lè yo resevwa demann transfè dosye sante mantal ki pa sou jiridiksyon Depatman Koreksyon, y ap bezwen otorizasyon prizonye a pou sa sof si gen dispozisyon legal ki kontrè ak sa.

## **§ 2-08 Kòdinasyon.**

(a) *Règleman.* Depatman Koreksyon ak Sante dwe konsilte epi kòdone aktivite yo a regilyèman pou asire yo kontinye bay bon swen sante mantal.

(b) *Disiplin.*

(1) Depatman Sante ak Koreksyon dwe elabore pwosedi ekri ki prevwa yo enfòme sèvis sante mantal yo chak fwa yo mete yon enfrakson sou do yon prizonye ki nan zòn lojman espesyal pou obsèvasyon mantal, epi otorize yo pou patisipe nan odyans enfrakson an epi egzamine ki mezi y ap pran pou pini l.

(2) Lè plase prizonye a nan pinisyon izòlman reprezante yon menas serye pou sante fizik oubyen mantal li, pèsònèl medikal la ap gen otorite pou deside yo dwe retire prizonye a nan plasman sa a oubyen yo dwe pase l de pinisyon izòlman a yon pati lojman ki pi apwopriye. Yo kab pran desizyon sa a nenpòt lè pandan plasman prizonye a nan pinisyon izòlman. Pèsònèl medikal la dwe wè tout prizonye ki nan pinisyon izòlman omwen yon (1) fwa pa jou; li dwe rekòmande yo bay sèvis medikal ak sante mantal, lè sa nesesè.

(c) *Rankont.* Yo dwe organize rankont chak mwa ak administratè etablisman an, reprezantan an chef sèvis sante mantal nan etablisman sa a ak reprezantan pèsònèl medikal ak enfimye yo pou diskite sou sèvis sante mantal la bay la. Rankont yo dwe gen yon òd di jou ekri epi li dwe gen redakson ak distribusyon pwosè vèbal.

(d) *Evalyasyon.* Depatman Sèvis Sante ak Sante Mantal, Reta Mantal ak Alkolis dwe fè yon evalyasyon fòmèl chak ane sou kalite, efikasite, ak nivo pèfòmans sèvis sante mantal yo bay prizonye yo nan etablisman koreksyon vil New York.

## § 2-09 Dewogasyon.

(a) *Règleman.* Nenpòt Depatman nòm minimal sa yo konsène kab mande yon dewogasyon pou yon sibdivizyon espesifik oubyen yon Atik sou nòm espesifik sa yo lè li pa kab ranpli konfòmite a oubyen li pa kab kenbe I. Yon “dewogasyon” se yon privilèj Komisyon an akòde pou pa konfòrme totalman ak yon sibdivizyon oubyen yon Atik patikilyè pandan yon peryòd espesifik.

(b) *Dewogasyon avan dat emplémentation.* Yon depatman kab mande Komisyon an yon dewogasyon avan dat emplémentation yon sibdivizyon oubyen yon Atik patikilye lè:

(1) malgre tout efò I ak efò lòt responsab ak òganis vil New York yo, yo pa kab konfòrme yo totalman ak sibdivizyon an oubyen Atik la nan dat emplémentation an; oubyen

(2) yo dwe ranpli konfòmite a yon fason ki differan ak sa ki espesifye nan sibdivizyon an oubyen Atik la.

(c) *Demann dewogasyon.* Komisè Depatman an dwe prezante Komite a yon demann dewogasyon ekri omwen karannsenk (45) jou avan dat emplémentation an epi li dwe endike:

(1) sibdivizyon oubyen Atik patikilye ki konsène a;

(2) efò Depatman an fè yo pou konfòrme I ak dat emplémentation an;

(3) fè oubyen rezon espesifik ki rann konfòmite total pou dat emplémentation an enposib;

(4) plan espesifik, pwojeksyon ak kalandriye pou atenn konfòmite total;

(5) plan espesifik ki mache ak objektif sibdivizyon an oubyen Atik la nan peryòd kote konfòmite san detou a pa posib; ak

(6) pou peryòd yo mande dewogasyon an, a kondisyon li pa depase sis (6) mwa.

(d) *Pwosedi dewogasyon an.*

(1) Komisyon an dwe pran avi tout pati ki konsène yo, avan I pran yon desizyon sou yon demann dewogasyon.

(2) Pou Komisyon an resevwa enfòmasyon sa a, I ap pibliye demann dewogasyon an nan totalite I yon fason ki kalkile e reflechi, ni pa piblisyte dirèk, pou I rive jwenn tout pati ki konsène yo. Sa dwe fèt omwen trant (30) jou avan dat emplémentation sibdivizyon an oubyen Atik la.

(3) Komisyon an ap fè yon reyinyon publik oubyen yon odyans sou demann dewogasyon an epi I ap koute temwanyaj tout pati ki konsène yo omwen venteyen (21) jou avan dat emplémentation an.

(4) Yo dwe ekri desizyon Komisyon an sou demann yon dewogasyon epi li dwe gen fè ak motif espesifik ki alabaz desizyon an ladan.

(5) Yo dwe pibliye desizyon Komisyon an jan atik 40 RCNY § 2-09(d)(2) prevwa sa a omwen dis (10) jou avan dat emplémentation an.

(e) *Akòde yon dewogasyon.*

(1) Komisyon an dwe akòde yon dewogasyon sèlman si I rekonèt dewogasyon an nesesè epi li jistifye.

(2) Lè Komisyon an ap akòde yon dewogasyon, li dwe endike:

(i) peryòd dewogasyon an; ak

(ii) tout egzijans kondisyon dewogasyon an enpoze.

(f) *Renouvèlman yon dewogasyon.* Yo dwe trete yon demann pou renouvèlman yon dewogasyon menm jan ak yon demann inisyal jan 40 RCNY §§ 2-09(b), 2-09(c), 2-09(d) ak 2-09(e) prevwa I la. Komisyon an p ap akòde renouvèlman yon dewogasyon sof si I konstate, anplis egzijans pou yo apwouve yon demann inisyal la, gen yon efò konsanti ki te fèt ak bòn fwa pou yo konfòrme yo ak sibdivizyon an oubyen Atik la nan delè yo te ba yo anvan an.

(g) *Dewogasyon ann ijans aprè dat emplémentation an.* Yon Depatman kab mande Komisyon an yon dewogasyon aprè dat emplémentation yon sibdivizyon oubyen yon Atik patikilyè lè yon ijans anpeche I rete konfòm ak sibdivizyon oubyen Atik la.

(h) *Demann yon dewogasyon ann ijans.*

(1) Depatman an oubyen yon mandatè dezinye kab deklare yon dewogasyon ki dwe dire mwens pase vennkatr è lè yon ijans anpeche yo rete konfòm ak yon sibdivizyon oubyen yon Atik espesifik. Yo dwe avize Komisyon an oubyen yon ranplasan I de ijans lan ak dewogasyon an tousuit.

(2) Komisè Depatman an oubyen yon reprezantan Komisyon an dwe fè yon demann dewogasyon ann ijans pou yon peryòd vennkatr è oubyen plis, oubyen demann yon renouvèlman yon dewogasyon ann

ijans, epi li dwe endike:

- (i) sibdivizyon oswa seksyon patikilye ki konsène a;
- (ii) fè ak rezon espesifik ki rann li enposib pou kontinye ak konfòmite a;
- (iii) plan espesifik, pwojeksyon ak kalandriye pou atenn konfòmite a nan totalite l;
- (iv) pou peryòd yo mande dewogasyon an, a kondisyon li pa depase senk (5) jou.

(i) *Don yon dewogasyon ann ijans.*

(1) Komisyon an p ap akòde yon dewogasyon ann ijans sof si l rekonèt dewogasyon an nesesè epi li jistifye.

(2) Yo p ap kab akòde yon renouvèlman pou yon dewogasyon ann ijans Komisyon an te akòde avan sa sof si li te satisfè egzijans 40 RCNY §§ 2-09(g), 2-09(h)(2) ak 2-09(i)(1) la.

(3) Komisyon an pa dwe akòde plis pase de renouvèlman youn deyè lòt pou yon dewogasyon ann ijans.